

# Enskripsyon nan BPS

## Lis Verifikasyon Dokiman

Tout fanmi k ap enskri yon nouvo elèv nan Lekòl Piblik Boston yo dwe pote dokiman obligatwa sa yo nan yon Sant Resous pou Fanmi BPS kòm pati nan pwosesis enskripsyon an. Aplikasyon an pap kapab trete san dokiman sa yo pa la.

### TOUT sa yo:

- **Batistè** orijinal timoun nan oswa **fòmilè I-94**
- Dosye ajou **vaksinasyon** timoun nan (gade anba a)
- Dokiman idantifikasyon ak foto pou Paran/Responsab la

### DE pami sa yo:

Dokiman yo dwe enprime ak non ak adrès aktyèl paran elèv la / responsab la.

Dokiman yo pa ka soti nan menm kategori a

- Yon **bwòdo pou sèvis** (dlo ak selilè pa ladann) date pandan 60 dènye jou yo
- Yon **kontra fèmaj** oswa **bòdwo peman ipotèk kay** date pandan 60 dènye jou yo, oswa
- yon **bòdwo taks pwopriyete** date pandan dènye ane a
- Kontra fèmaj ou gen kounyeya, yon akò "section 8", oswa yon affidavit BPS pou verifye adrès
- Yon **fòmilè W2** date pandan dènye ane a, oswa yon **souch chèk** ki date pandan 60 dènye jou yo
- Yon **rapò labank** oswa **kat kredi** date pandan 60 dènye jou yo
- Yon lèt ki soti nan yon **ajans gouvènman an apwouve\*** date pandan 60 dènye jou yo

**\*AJANS GOUVÈNMAN AN APWOUVE:** *Departments of Transitional Assistance, Revenue (DOR), Children and Family Services (DCF), Transitional Assistance (DTA), Youth Services (DYS), Social Security, nenpòt kominikasyon ki gen antèt Commonwealth of Massachusetts*

*Gadyen legal la dwe prezante dokiman anplis ki sòti nan yon tribinal oswa yon ajans.*

### TIPS:

Telechaje kontra fèmaj nan [www.suffolkdeeds.com](http://www.suffolkdeeds.com)

Affidavit BPS pou verifye adrès la disponib nan Sant Resous Lafanmi yo oswa nan [www.bostonpublicschools.org/register](http://www.bostonpublicschools.org/register)

Pou moun ki sèvi ak entènèt pou peye bòdwo yo, yon kopi enprime bòdwo a kapab asepte si li gen adrès kay la ak yon...

	<b>K0 (age 3)</b>	<b>K1/K2 (ages 4-5)</b>	<b>Grades 1-6</b>	<b>Grades 7-12</b>
<b>Hepatitis B</b>	3 doses	3 doses	3 doses	3 doses
<b>DtaP/DTP/ DT/Td</b>	≥ 4 doses DTaP/DTP	5 doses DTaP/DTP	≥ 4 doses DTaP/DTP or ≥ 3 doses Td	4 doses DTaP/DTP or ≥ 3 Td plus 1 Td booster
<b>Polio</b>	≥ 3 doses	4 doses	≥ 3 doses	≥ 3 doses
<b>Hib</b>	1-4 doses	0	0	0
<b>MMR</b>	1 dose	2 doses	2 measles, 1 mumps, 1 rubella	2 measles, 1 mumps, 1 rubella; 2 doses MMR for entry into grade 7
<b>Varicella (chickenpox)</b>	1 dose*	2 doses*	1 dose*	2 doses for entry into grade 7*; 2 doses if ≥age 13 at first vaccination; 1 dose if <age 13 at first vaccination*

\*or documentation of disease

NOTES: If a child has turned 4 years old, he or she must have received the K1/K2 immunizations. However, if the child is only 3 years old at the time of registration, he or she is NOT expected to have received the 4-year-old immunizations.

## REGLEMAN BPS SOU VERIFIKASYON ADRÈS

Anvan pou yon elèv ka enskri nan yon Lekòl Piblik Boston, paran elèv la / responsab li dwe pwouve adrès legal li, rezidans prensipal li nan lavil Boston atravè dokiman sa ki dekri anwo yo. Yo mande menm dokiman sa yo pou nenpòt ki chanjman adrès.

*Regleman sou verifikasyon adrès sa yo pa aplikab pou elèv ki rannèt an kay*

Vyolasyon regleman sou verifikasyon adrès la se vyolasyon lalwa eta Massachusetts tou epi gen amann ki ka peye pou chak jou yon elèv ale nan lekòl yon distri ki andeyò vil kote li rete a legalman an.

### RAPÒTE VYOLASYON REGLEMANAN AN!

Rele san ou pa bay non ou nan telefòn ijans sa a:

☎ 617.625.6775